



Chidzidzo 10
cha
Gunyana 5,
2026

**HUSHUMIRI
HWECHIKRISTU HWECHOKWADI**

**"tinotambudzika pamativi ose, asi hatimanikidzwi;
tinokanganiswa, asi hatina-kurasha mnyoro; tinotambudzwa, asi
hatinakusiyiwa; takawisirwa pasi, asi hatinakuparadzwa;
tinoramba ticitakura nguva dzose mumuviri wedu kufa kwaJesu,
kuti novupenyu vo bgaJesu bguratidzwe mumuviri wedu"
(2 VaKorinte 4:8-10)**



Ndiani akati hupenyu hwemufundisi hwakagadzikana? Vashumiri veevhangeri vane mutoro mukuru, uye basa ravo rine njodzi.

Rudo rwemweya iri kuparara, pamwe chete nekutarisira kunodiwa pakusimbisa nekukudziridza avo vakatogamuchira vhangeri, ndizvo zvinosiyanisa vashumiri vechokwadi nemhumhi dzinoparadza.

Kana kereke ichishanda pamwe chete nevashumiri vayo uye ichiita shanduko dzakasimba pamararamiro ayo, inova nzira inounza kuyanana, ichipa nyaradzo nemufaro kune vose.



BASA REMUFUDZI

 **Vafudzi vane hunyanzvi**

 **Njodzi dzehushumiri**



MABASA ENHENGO

 **Nhume dzokuyanana**

 **Kudanwa kuhutsvene**



Mugumisiro wekushanda pamwe chete

 **Kunyaradzwa nemufaro**

BASA REMUFUDZI

VAFUDZI VANE HUNYANZVI

"Imi muri nwadi yedu yakanyorwa mumoyo medu, inozikanwa nokurabga navanhu vose" (2 VaKorinte 3:2)

Pane zvinhu zvisinganyanyi kushanduka nekufamba kwenguva. Tsamba dzekutsigira dzichiri kuvhura mikana kunyange nhasi uno, sezvazvaiita muzana remakore rekutanga. Ko Pauro aida tsamba yekutsigira here kuti agamuchirwe nesangano rekuKorinte? (2 VaKorinte 3:1)

Aiva netsamba yakanakisisa yekutsigirwa: vaKorinte pachavo (2 VaKo. 3:2). Mwoyo yavo yakanga yashandurwwa nenyasha dzaMwari, kuburikidza nekuparidza kwemuapostora nevashandi vaaishanda navo. (2 VaKo. 3:3).

Pauro nevabatsiri vake vaiva "vashumiri vesungano itsha" (2 VaKo. 3:6). Sungano ine mbiri, yakanyorwa neMweya pamoyo kuti pave nehupenyu husingaperi.

Asi vamwe vakatevera imwe sungano, iyo yeruponeso kuburikidza nemabasa eMutemo wakanyorwa pamatombo, izvo zvakavatadzisa kuona kubwinya kwenyasha (2 VaKo. 3:7-9).



NJODZI DZEHUSHUMIRI

"Nokuti zinu zose zinoitwa nokuda kwenyu, kuti nyasha zadzakawanzwa navazhinji, dziwanze kuvonga, kuti Mwari akudzwe." (2 VaKorinte 4:15)

Pauro ainzwisisa uye kutsungirira njodzi dzaiva mubasa rohushumiri. Asi aiziva kuti njodzi idzi dzaikosha, uye aidzitsungirira nokuda kwerudo rwaiva narwo kuvanhu vaakapa mukana wokuwana ruponeso (2 VaKo.4:15). Pamusoro pezvo, aiva nechivimbo chokuti aizowana rubatsiro runobva kuna Mwari(2 VaKo. 4:7-9):

Tino...

▶ tambudzika pamatiwi ose

▶ kanganiswa

▶ tambudzwa

▶ wisirwa pasi

Asi...

▶ hatimanikidzwi


▶ hatina-kurasha mnyoyo

▶ hatinakusiyiwa

▶ hatinakuparadzwa

Evhangeri inoparidzwa kuburikidza nevanhu vasina simba, kuitira kuti mbiri ive yaMwari chete.

Kutambudzika "kutambudzika kwakareruka, kuri'po cinguua ciduku" kana kuchienzaniswa ne"kubginya kukuru kwakaišo-naka kusingaperi" kwatichawana pazuva rerumuko(2 VaKo. 4:14-18).



MABASA ENHENGU

NHUME DZOKUYANANISA

“Asi zinhu zose zakabva kunaMnjari, wakatiyananisa naye naKristu, akatipa kushumira kwokuyanana.” (2 VaKorinte 5:18)

Chinhu chikuru chinofanira kutungamirira hupenyu hwesangano (uye hwenhengo imwe neimwe) ndeichi: “Nokuti rudo rwaKristu runotimanikidza” (2 VaKorinte 5:14). Rudo urwu runoumbwa nei, uye chii chinotimanikidza?

**Kristu akapa hupenyu hwake nekuda kwerudo. Izvi zvinotimanikidza kurarama nekuda Kwake
(2 VaKorinte 5:14-15)**

Kristu akatiita zvisikwa zvitsva. Izvi zvinotimanikidza kusiya hupenyu hwedu hwekare (2 VaKo. 5:17)

Kristu akatiyananisa naMwari. Izvi zvinotimanikidza kuva nhume dzekuyanana (2 VaKo. 5:18-20)

Naizvozvo, rudo rwaKristu runotitungamirira kukushanduka kukuru muhupenyu hwedu. Kurarama nerudo rwaKristu kunotitungamirirawo kugoverana rudo irworwo nevamwe, tichivakurudzira kugamuchira shoko retariro: “Yananiswai naMnjari” (2 VaKo. 5:20).



KUDANWA KUHUTSVENE



Kudanwa kuhutsvene kunobata hupenyu hwezuva nezuva hwevashumiri nehenhengo:

Tsungirira matambudzikou (2 VaKo. 6:4-5)

Kubereka michero yeMweya (2 VaKo. 6:6)

Kuva wechokwadi uye kururamisira (2 VaKo. 6:7)

**Kumira wakasimba mumamiro ezvinhu ose
(2 VaKo. 6:8-10)**

Kuvhurira vamwe mwoyo yedu (2 VaKo. 6:11-13)

**Kuti tizviparadzanise nesimba rinokuvadza
revasingatendi (2 VaKo. 6:14-15)**

**"Zino, vadikanwa, zatinezipikirwa izi, ngatizinatse
pamatšina ose enyama noomneya, tikwanise vutsene
pakutya Mjari." (2 VaKorinte 7:1)**

**Achibatandiza ndima dzakasiyana-siyana dzeTestamente
Yekare, Pauro anopfupikisa kudaidzwa kuhutsvene
nemigumisiro yako(2 VaKo. 6:16-18):**

Takadanirwa kuti

- Tibude munzvimbo dzechivi
- Tizviparadzanise nevataadzi
- Tisabata zvakasviba

Migumisiro

- Ndichagara nemi
- Ndichava Mwari wenyu
- Muchava vanhu vangu
- Ndichakutambirai
- Ndicaua Baba uenyu



MUGUMISIRO WEKUSHANDA
PAMWE CHETE

KUNYARADZWA NEMUFARO

“Kusatya kwangu kukuru pakutaura kwamuri, nokuzirumbidza kwangu kukuru pamsoro penyu; ndizere nokunyaradzwa, ndinofara kwazo pakutambudzika kwedu kwose.” (2 VaKorinte 7:4)

Pasinei nematambudziko aakasangana nawo, Pauro akafara zvikuru.(2 VaKo. 7:4). Chii chakakonzera mufaro uyu?

Pauro akanga anyorera vaKorinte tsamba yakasimba, iyo yakavashungurudza (2 VaKo. 7:8). Asi kushungurudzika ikoko kwakaita kuti vatendeuke (2 VaKo. 7:9-10). Izvi zvakaita kuti pave neshanduko huru muukama hwavo naPauro, pamwe chete nehukama hwavo pakati pavo(2 VaKo. 7:11-12).



Saka, pakanga paine nyaradzo kune vose. Tito, shamwari yaPauro, akanyaradzwa (2 VaKo. 7:7). Pauro akanyaradzwa nekuuya kwaTito (2 VaKo. 7:6). VaKorinte vakanga vanyaradzwa, izvo zvakapawo nyaradzo kuna Pauro (2 VaKo. 7:13).

Asi Pauro haana kuzvipa mbiri nazvo. Kana vafundisi nenhengo vachigona kuwana mufaro nekunyaradzwa, zvinodaro nekuti Mwari “unonyaradza uakauora mnyoro” (2 VaKo. 7:6a).

“Shumiro inoreva kushandira vamwe, uye tese takadanirwa kushumiro iyi. Zvinonyadzisa Mwari kuti munhu asarudze kurarama hupenyu hwekungozvifadza iye pachake. Hama nehanzvadzi dzangu, munoziva here kuti gore negore zviuru nezviuru zvevanhu zviri kuparara nekufa zviri muzvivi zvazvo, nekuti chiedza chechokwadi hachina kuvhenekerwa panzira yavo?”

Pane basa guru rinofanira kuitwa mupasi rino redu. Varume nevakadzi vanofanira kutendeutsa, kwete kuburikidza nechipo chekutura nendimi kana kuita zvishamiso, asi kuburikidza nekuparidzwa kwaKristu akarovererwa pamuchinjikwa. Ngenyi kunonotsa kuedza kuita kuti nyika ive nani? -Non-Official translation by Gift Mawoyo